



PEMERINTAH KOTA DEPOK
DINAS PENDIDIKAN

ULANGAN KENAIKAN KELAS
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)
Tahun Pelajaran 2010/2011

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas : VIII
Hari, Tanggal : Jum'at, 17 Juni 2011
Waktu : 90 Menit

PETUNJUK :

1. Disediakan Lembar Jawaban Komputer (LJK)
2. a. LJK dipergunakan untuk jawaban Soal Pilihan Ganda.
b. Tulislah dengan jelas : Nama Anda, Nomor Peserta Anda, Sekolah Asal, Tanggal Ulangan Kenaikan Kelas, Jam ke, Tanda tangan, dan menghitamkan bulatan kecil pada LJK sesuai dengan petunjuk.
c. Jawaban dikerjakan dengan cara menghitamkan bulatan kecil sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
d. Apabila ada jawaban yang keliru dan Anda ingin memperbaikinya, hapuslah jawaban yang keliru itu dengan menggunakan karet penghapus pensil, kemudian hitamkan bulatan kecil lain sesuai dengan jawaban yang Anda anggap benar.
e. LJK jangan sampai rusak, basah atau kotor
3. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Laporkan kepada Pengawas Ulangan Kenaikan Kelas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak atau jumlah soal kurang.
5. Jumlah soal sebanyak : Pilihan ganda 40 soal, Uraian 5 soal
6. Dahulukan menjawab soal-soal yang Anda anggap mudah
7. Mintalah kertas buram kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas, bila diperlukan
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum Anda serahkan kepada pengawas Ulangan Kenaikan Kelas.

SELAMAT BEKERJA

I. Pilihan Ganda

Wacana

Topéng Blanték

Ngaran ieu kasenian tradisional téh diwangun ku dua kecap; topéng jeung blanték. Pangna disebut topéng téh lantaran dina pagelaranana aya bagian nu mintonkeun ibingan maké topéng. Cindekna, beungeut nu ngibingna ditutupan ku topéng atawa kedok. Ari nu dimaksud blanték téh pihartieunana campur aduk. Aya benerna disebut campur aduk téh lantaran dina pintonna ngandung rupa-rupa unsur; kayaning ibingan, bobodoran, jeung lalakon (carita).

.....
Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

1. Pihartieun kecap blanték dina wacana di luhur nyaéta....
A. campuran seni ibingan
B. campur aduk
C. campur sari
D. campuran kasenian daérah
2. Pangna dingaranan kasenian topéng blanték téh ku lantaran....

- A. kabéh pamaén maraké topéng
- B. nu ngibingna maké topéng
- C. nu mintonkeun bobodoran maké topéng
- D. dina panggung digantung-gantungkeun topéng

3. "Jalan ka Puncak téh mani..."
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah nyaéta....
A. amis
B. seungit
C. nanjak
D. lada
4. "Mobil anyar téh majuna mani..."
Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah, nyaéta....
A. alus
B. gancang
C. loba
D. pinter
5. "Ka Pa Haji Gugun mah loba nu mikaresep lantaran..."
Kecap sipat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur, nyaéta....
A. agréng
B. haseum
C. tarik
D. bageur

6. Nu kaasup rangkéy laporan perjalanan, nyaéta....
 A. tujuan, tempat, waktu, kagiatan, biaya perjalanan
 B. tujuan, tempat, waktu, pamilon, kagiatan
 C. tujuan, tempat, waktu, biaya perjalanan, kagiatan
 D. tujuan, tempat, waktu, bekal perjalanan, kagiatan
7. 1. Ieu kagiatan téh dilaksanakeun poé Saptu, tanggal 8 Januari 2011.
 2. Anu milu dina ieu kagiatan aya 250 urang.
 3. Tujuan karyawisata ka Kebun Raya Bogor téh supaya parasiswa boga pangalaman ngeunaan rupa-rupa spésiés tutuwuhan (tumbuh-tumbuhan).
 4. Salila di Kebun Raya Bogor parasiswa niténan sarta nyatet rupa-rupa spésiés tutuwuhan (tumbuh-tumbuhan).
 5. Tempat-tempat nu dituju téh nyaéta Kebun Raya Bogor jeung Museum Zoologi.
 Susunan laporan perjalanan nu bener nyaéta....
 A. 1-2-3-4-5 C. 3-5-1-2-4
 B. 2-1-3-4-5 D. 4-5-1-2-3
8. “Kuring mah jalma teu boga, tabungan ogé ukur cukup keur meuli peremén.”
 Kalimah di luhur ngagunakeun gaya basa....
 A. mijalma (personifikasi)
 B. ngasor (litotés)
 C. ocon (métonimia)
 D. lalandian (métafora)
9. Nu kaasup gaya basa ocon (métonimia) nyaéta....
 A. Sora suling kadéngé siga nu ceurik.
 B. Pun anak mah da teu kantos sakola.
 C. Imas téh béntang kelas VIII-6.
 D. Saban poé Wawan ka sakolana kana Kijang.

Wacana

10. Tengetan sajak ieu di handap!

Di Hiji Leuweung Geledegan

Karya: Surahman R.M.

Aya tulang nyangsang na dahan deudeuh
 Sésa raga arucutan
 Langlayangan teu kapuluk teu karucu
 Di hiji leuweung geledegan

Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

Sempalan (penggalan) sajak di luhur ngagambarkeun kaayaan anu....

- A. gumbira C. bingung
 B. ambek D. pikasediheun

11. “Kuring meunang peunteun anu hadé.”
 Sinonim tina kecap “hadé”, nyaéta....
 A. alus C. handap
 B. horéam D. pinter
12. “Teu babari jadi juara kelas téh, lantaran sainganna loba.”
 Antonim tina kecap “babari” nyaéta....
 A. capé C. handap
 B. hésé D. ruksak

13. “Cing, pangmeulikeun kopi ka warung, Jang!”
 Kalimah di luhur kaasup kana kalimah paréntah....
 A. nyaram C. maksa
 B. ménta /nitah D. ngajak
14. “Manéhna turun ka handap sanggeus menerkeun kenténg nu bocor.”
 Kalimah di luhur kaasup gaya basa....
 A. ngasor (litotés)
 B. ocon (métonimia)
 C. kadalon (pléonasme)
 D. mijalma (personifikasi)

Wacana

Pék baca téks “Budidaya Lauk Patin” dihandap!

BUDIDAYALAUK PATIN

Patin téh asli lauk lokal ti perairan Indonésia. Ayeuna loba nu miara, lantaran kaasup kana komoditas anu nguntungkeun. Rasa dagingna ngeunah jeung gurih, atuh harga jualna ogé onjoy deuih. Éta hal téh jadi daya tarik pikeun parapangusaha, utamana pangusaha réstoran.

Salian ti éta, lauk patin téh unggul dina ukuran awakna. Di alam bébas, panjangna nepi ka 1,2 méter. Lamun dibudidayakeun, dina umur genep bulan téh panjangna 35-40 cm.

Lauk patin mah beuki baranghakan, dipiarana babari deuih, sabab teu kudu dina cai anu ngocor baé. Jadi poténsial pisan dibudidayakeunana téh, teu béda ti lauk tawar séjénna, kayaning lauk emas, lélé, tawés, jeung guramé. Bisa dipelak dina balong, dina karamba, atawa dina jala apung.

.....

Binih lauk kakara dipelakkeun lamun kaayaan balong geus stabil. Lobana lauk anu dipelak gumantung kana ukuran gedé leutikna binih, sarta kudu disaluyukeun jeung ukuran balong. Patokan anu bisa dipaké nyaéta saméter pasagi keur binih ukuran 100 gram. Melakkeun binih biasana sok isuk-isuk atawa pasosoré, waktu suhu cai tiis. Maksudna supaya lauk teu kagéteun.

.....

Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

15. Téma wacana di luhur nyaéta....
 A. budidaya lauk patin
 B. lauk patin beuki baranghakan
 C. rasa dagingna ngeunah jeung gurih
 D. miarana gampang
16. Poko pikiran tina paragraf ka-3 anu aya dina wacana di luhur nyaéta...
 A. Lauk patin unggul dina ukuran awakna.
 B. Lobana lauk nu dipelak, gumantung kana ukuran gedé leutikna binih, sarta kudu diluyukeun jeung ukuran balong.
 C. Melakkeun binih biasana sok isuk-isuk atawa pasosoré, waktu suhu cai tiis.
 D. Lauk patin bisa dipelak dina balong, dina karamba, atawa dina jala apung.
17. “Geus peuting ieu téh, gancang geura saré atuh... supaya isuk teu kabeurangan!”
 Kalimah di luhur kaasup kana kalimah paréntah....
 A. ménta/ nitah C. nyaram
 B. maksa D. ngajak

18. Kalimah di handap nu kaasup kana gaya basa kadalon (pléonasme) nyaéta....
 A. Kuring mules beuteung, loba teuing ngadahar rujak.
 B. Abdi badé mésér mobil butut.
 C. Wah hébat, manéhna mah geus kabeuli Panther.
 D. Daun kalapa ngagupayan.

19. Susunan poko-poko acara anu bener dina kagiatan rapat nyaéta....
 A. bubuka, biantara, nampung saran, kacindekan, panutup
 B. bubuka, nampung saran, biantara, panutup, kacindekan
 C. biantara, bubuka, nampung saran, kacindekan, panutup
 D. bubuka, biantara, kacindekan, nampung saran, panutup


20. “Sabada ngadugikeun salam kawilujengan, sim kuring ngahaturkeun nuhun ka sadérék sadaya, teu hilap ka Bapa sareng Ibu Guru anu parantos kersa ngaluhan ieu rapat.” Pedaran kalimah di luhur téh mangrupa....
 A. panutup
 B. bubuka
 C. kacindekan
 D. biantara pangdeudeul

21. Nu kaasup sarat-sarat jadi pemandu acara nyaéta....
 A. sora kudu tarik pisan
 B. kalimah nu diucapkeun bébas
 C. ngagunakeun basa nu bener
 D. ngutamakeun penampilan pakéan

22. Kalimah anu mangrupa conto panutup dina acara rapat, nyaéta....
 A. Hapunten anu kasuhun, bilih panampian ti sim kuring kirang nyugemakeun. Dupi acara anu badé dipidangkeun...
 B. Salajengna, mangga ieu acara rapat urang buka ku maca basmallah sasarengan.
 C. Hadirin anu dipihormat, acara anu kadua nyaéta pamapag ti ketua OSIS ...
 D. Salajengna mangga urang tutup ieu acara ku maoskeun hamdallah sasarengan!

23. “Manéhna keur néangan... nu subur keur melak kembang dina pot.” Kecap nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nya éta....
 A. tanah
 B. taneuh
 C. cai
 D. air


Perhatikeun bagan pancakaki ieu di handap pikeun ngajawab soal nomor 24 jeung 25!



24. Nurutkeun bagan pancakaki di luhur, Ani ka Iwan nyebut....
 A. emang
 B. lanceuk
 C. bapa
 D. uwa

25. Nurutkeun bagan pancakaki di luhur, Fajar ka Gugun nyebut....
 A. aki
 B. emang
 C. suan
 D. alo

26. Pungsi tabél jeung grafik nyaéta....
 A. pikeun ngagampangkeun kapala sakola mariksa kahadiran guru.
 B. méré gambaran kalawan jelas jeung singget ngeunaan hiji pasualan.
 C. pikeun ngagampangkeun pembina OSIS mariksa kaaktipan siswa.
 D. pikeun mariksa soal ulangan.



- Pernyataan nu bener tina grafik di luhur nyaéta....
 A. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan Pramuka 350 urang, PMR 200 urang, OSIS 250 urang, Rohis 400 urang.
 B. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan OSIS 350 urang, PMR 250 urang, Pramuka 350 urang, jeung Rohis 300 urang.
 C. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan PMR 200 urang, OSIS 300 urang, Pramuka 350 urang, Rohis 300 urang.
 D. Jumlah siswa nu aktif dina kagiatan Rohis 300 urang, Pramuka 350 urang, OSIS 250 urang, jeung PMR 200 urang.

28. Tina grafik ékskul siswa di luhur, bisa dicokot kacindekan...
 A. anggota OSIS leuwih loba batan anggota Pramuka.
 B. anggota PMR sarua jeung anggota Rohis.
 C. anggota Rohis leuwih saeutik batan anggota Pramuka.
 D. anggota Pramuka leuwih saeutik batan anggota PMR.

29. “Ibu Guru nembé... penataran ti Bandung.” Basa hormat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
 A. mulang
 B. mulih
 C. balik
 D. wangsul

30. “Abdi mah badé... ayeuna, tos teu kiat lapar.” Basa hormat nu merenah pikeun ngalengkepan kalimah diluhur nyaéta...
 A. dahar
 B. neda
 C. makan
 D. tuang

31. Pilih kalimah bubuka nu merenah pikeun muka acara diskusi!
 A. Parasadérék, di payuneun urang sadaya parantos siap kelompok lima anu baris medar perkawis “tatakrama”.
 B. Waktos anu disayogikeun dina ieu sawala téh 30 menit.
 C. Salaku moderator sim kuring nganuhunkeun hususna ka kelompok lima.
 D. Teu hilap sim kuring neda dihapunten, bilih salami mancén janten moderator masih kénéh seueur kakirangan.

Wacana

Baca téks tatakrama ieu di handap pikeun ngajawab soal nomor 32 jeung 33!

TATAKRAMA

Kecap tatakrama téh asalna tina basa Kawi, tata (aturan, norma, bérés, adat); jeung tina basa Sangsekerta, karma (sopan, hormat, lemes, prilaku). Jadi tatakrama téh harti nu jembarna mah nyaéta aturan sagemblengna tina prilaku anu sopan di lingkunganna.

Ku kituna tatakrama téh hartina sarua baé jeung étiket, sopan santun, atawa adab-adaban dina kahirupan manusa.

Hirup kumbuh manusa téh dimimitian ti ayana kulawarga, kelompok, wewengkon, sélér bangsa jeung bangsa. Kitu deui rupa-rupa budaya jeung peradabanna, sarta béda-béda agama katut kapercayaan. Ku kituna tatakrama gé béda-béda moal aya nu sarua.

.....
Dicutat tina RINÉKA BASA Kelas VIII Seméster II

32. Tatakrama asal kecapna tina basa Kawi jeung basa Sangsekerta, anu ngandung harti....
A. aturan jeung kabiasaan
B. sopan jeung hormat
C. aturan jeung sopan
D. aturan jeung hukuman
33. Kalimah inti dina paragraf ka-3, nyaéta....
A. Hirup kumbuh manusa téh dimimitian ti ayana kulawarga.
B. Rupa-rupa budaya jeung peradaban.
C. Ku kituna tatakrama gé béda-béda moal aya nu sarua.
D. Sarta béda-béda agama katut kapercayaan.
34. "Angin téh mani gedé kieu. Cing, panto téh..."
A. panganteurkeun! C. pangalungkeun!
B. pangjualkeun! D. pangnutupkeun!
35. "Bahan baju téh ngan cukup keur saurangeun."
Kecap asal tina kecap saurangeun dina kalimah di luhur nyaéta....
A. urang C. urangeun
B. saurang D. saurangeun
36. Dina kagiatan diskusi, tugas moderator nyaéta....
A. ngamankeun acara diskusi
B. méré tanggapan diskusi
C. nulis hasil diskusi
D. mandu acara diskusi
37. Peupeujeuh ka kelas dua
Kitu deui kelas hiji
Sing leuwih getol diajar
Enggoning ngulik pangarti
Ulah kasasar nya diri
Masing junun nyiar élmu
Harta moal salilana
Euweuh ajén taya harti
Mungguh élmu mangpaat dunya ahérat
- Eusi guguritan di luhur téh nyaéta...
A. naséhat keur adi kelas
B. atikan ngeunaan solat
C. naséhat kudu getol kana ibadah
D. mikanyaah ka sasama
38. "Rusdi mah keur pinter téh bageur ka babaturanna, matak... batur."
Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta....
A. pikasediheun C. pikaseurieun
B. pikaresepeun D. pikangéwaeun

39. Ninggang mangsa nu utama
Nitih wanci nu mustari
Urang kabéh rék paturay
Geus jadi takdir ti Gusti
Papastén nu Maha Suci
Mungguh mantenna nu ngatur
Kahirupan ieu alam
Nu éndah teu aya tanding
Mantenna téh anu Maha Murbeng Alam
- Guru lagu jeung guru wilangan anu bener tina padalisan ka-9 nyaéta....
A. 12-a C. 7-i
B. 8-i D. 8-u

40. Rarangkén gabung pi-eun nu ngandung harti "bahan" atawa "bakal" aya dina....
A. pikakeuheuleun C. pidoktereun
B. pikamelangeun D. pikaseurieun

II. URAIAN

41. Baca cutatan sajak "Di Imah Leutik Nu Mencil" ieu di handap!


DIIMAHLEUTIK NUMENCIL

Karya: Juniarso Ridwan

Di imah leutik nu mencil
Hirup sorangan
Dibaturan gunung
Dihibur eurih
Sepi nu ngageuing
Seuneu ngéntab peuting
Ngobrol jeung angin,
Pahibut jeung abrulan manuk,
Nyidik-nyidik batu bangun hanjelu
Nasib, nasib meruhkeun diri
Saendeng-endeng

.....
Cik ku hidep jelaskeun eusi éta sajak!

42. Jieun kalimah anu maké kecap ieu di handap!
a. tarik
b. bageur
c. lada
43. Jieun 2 kalimah paréntah anu eusina maksa!
44. Téangan sinonim tina kecap-kecap ieu di handap!
a. téréh
b. entong
c. sangkan
d. sabab



45. Terangkeun istilah pancakaki tina bagan di luhur!
a. Iwan ka Fajar nyebut...
b. Déwi ka Ani nyebut...
c. Rika ka Anita nyebut...
d. Fajar ka Sinta nyebut...
e. Wawan ka Ani nyebut...